



Pou Piblikasyon Imedya: 21/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL DEKLARE ETA DIJANS PANDAN YON TANPÈT NÈJ AP PARE POU FRAPE LONG ISLAND, VIL NOUYÒK AK BA HUDSON VALLEY

Eta dijans deklare pou konte Albany, Bronx, Columbia, Greene, Delaware, Dutchess, Kings, Nassau, Nouyòk, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Schenectady, Schoharie, Sullivan, Ulster, Westchester ak konte ki tou pre yo

Yo pibliye avètisman pou tanpèt nèj pou Long Island, Vil Nouyòk ak sid konte Westchester; Avètisman ak alèt pou tanpèt ivè pou rès Hudson Valley

Previzyon pou nèj ant 46 cm a 61 cm (18 a 24 pous) pou Long Island ak Vil Nouyòk; Previzyon pou nèj ant 30 cm a 46 cm (12 a 18 pous) pou Hudson Valley; Previzyon pou nèj ant 20 cm a 30 cm (8 a 12 pous) pou Rejyon Kapital la; Previzyon pou nèj ant 2.5 cm a 15 cm (1 a 6 pous) toupatou pou rès Eta a

Rafal van yo ka rive 96 km (60 mil) pa èdtan, sa ki ka lakòz vwal blanch oswa menm kondisyon tanpèt nèj ki rann vwayaj danjere, sitou nan Vil Nouyòk ak nan Long Island

Gouvènè a mobilize 100 manm Gad Nasyonal la pou sipòte operasyon entèvansyon ak patnè lokal yo atravè Vil Nouyòk, Long Island, ak nan Sid Hudson Valley

Gwo van ansanm ak nèj imid ak anpil nèj kapab lakòz pàn kouran tou

Plis pase 5,600 travayè sèvis piblik annatant nan tout eta a pou evalye domaj, entèvni, repara, epi retabli sèvis yo

Nouyòkè nan Long Island, Vil Nouyòk ak Hudson Valey ta dwe evite vwayaje soti dimanch rive lendi epi rete lakay yo; yo ankouraje anplwayè yo pou pèmèt travay a distans

Nouyòkè yo ka enskri pou resevwa mesaj tèks sou meteyo ak alèt ijans lè yo voye mesaj nan nimewo 333111

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te deklare Eta Dijans nan konte Albany, Bronx, Columbia, Greene, Delaware, Dutchess, Kings, Nassau, Nouyòk, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Schenectady, Schoharie, Suffolk, Sullivan, Ulster, Westchester ak konte ki toupre yo, epi li te aktive Gad Nasyonal Nouyòk la pandan yo prevwa yon gwo tanpèt nèj pral frape pati sid nan Hudson Valley, vVil Nouyòk ak Long Island, epi yo prevwa move tan ivè grav nan tout rès Hudson Valley a. Previzyon yo te vin pi mal rapidman vandredi swa e kounye a yo endike 46 cm a 61 cm (18 a 24 pous) nèj ak van ki ka soufle a plis pase 96 km (60 mil) alè pou Long Island ak Vil Nouyòk. Yo prevwa nèj ap tonbe ant 30 cm a 46 cm (12 a 18 pous) pous nan Vale Hudson an, alòske rejyon kapital la ka wè ant 20 cm a 30 cm (8 a 12 pous). Lòt zòn nan tout eta a pral wè yon total ant youn a 15 cm (sis pous) nèj. Gwo tanpèt nèj sa yo pral kreye kondisyon vwayaj ki trè danjere, inondasyon kotyè ak posiblite pou blakawout.

Apati dimanch, 100 manm Gad Nasyonal Nouyòk la ak 25 machin pral deplwaye atravè pati sid Hudson Valley, nan Vill Nouyòk ak nan Long Island pou sipòte operasyon repons nan sid eta a ak patnè lokal yo. Anplis de sa, yo pral aktive Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center, EOC) Eta a dimanch maten.

"Nouyòkè yo abitye ak nèj ak move tan frèt, men kondisyon tankou gwo tanpèt nèj sa yo k ap pwoche nan Vil Nouyòk, Long Island ak nan sid Mid-Hudson lan pral pote anpil nèj ak gwo van, epi yo prevwa tanpèt la pral afekte yon gwo pati nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tankou tout evènman metewolojik, ajans leta nou yo ekipe ak resous yo bezwen pou reponn a tanpèt k ap devlope a epi kenbe tout moun enfòmè. Mwen ankouraje tout moun pou yo pran mezi, rete vijilan epi toujou swiv previzyon metewolojik lokal yo pou dènye nouvèl yo an tan reyèl."

Yo prevwa move tan ivè grav tou nan tout rès Hudson Valley a, avèk avètisman tanpèt ivè ki deja an vigè pou konte Nò Westchester, Rockland, Orange ak Putnam, avèk ant 25 a 38 cm (10 ak 15) pous nèj ak rafal van ki rive jiska 72 km (45 mil) alè yo prevwa. Yo anonse avètisman kont tanpèt ivè pou konte Dutchess, Ulster, Greene ak Columbia, epi yo prevwa ant 15 cm a 30 cm (6 a 12 pous) nèj ak rafal van ki rive jiska 72 km (45 mil) alè.

Nouyòkè yo ta dwe pran tanpèt sa a oserye, prepare kounye a, swiv previzyon lokal yo byen epi rete lakay yo pandan tout dire tanpèt la. Lendi, Long Island Rail Road prevwa opere sou yon orè dimanch avèk modifikasyon jan sa nesesè akòz chanjman kondisyon metewolojik yo. Wout Ray Metro-North la ap gen sèvis chak èdtan sou liy Harlem, Hudson, ak New Haven yo epi sèvis wikenn sou branch Connecticut ak Wassaic yo. Yo prevwa chanjman ak reta nan sèvis metwo a pandan lannwit dimanch jiska lendi, paske y ap itilize ray ekspres pou estoke tren anba tè pandan gwo nèj ki tonbe.

Yo pral entèdi tout machin komèsyal vid ak tout trelè traktè tandem yo pou yo vwayaje sou I-84 ak tout wout ki nan sid I-84 la, ki gen ladan tout wout sistèm Thruway yo. Tout lòt machin komèsyal yo pral limite nan liy dwat la sou I-84 la ak tout wout ki nan sid I-84 la, ki gen ladan tout wout sistèm Thruway nan konte Orange, Rockland, ak

Westchester. Restriksyon sa yo ap kòmanse a 4è aprèmidi dimanch 22 fevriye, epi y ap fini lè kondisyon yo pèmèt.

Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service, NWS) la deja kòmanse pibliye alèt kont tanpèt ivè epi Nouyòkè yo ta dwe siveye previzyon lokal yo byen epi rete branche pou dènye nouvèl ki soti nan Sèvis Meteyo Nasyonal la. Pou yon lis konplè avètisman metewolojik, ak lòt alèt, klike [isit la](#).

Nouyòkè yo dwe asire ke alèt ijans gouvènman an aktive sou telefòn mobil yo, epi enskri pou alèt metewolojik ak ijans an tan reyèl lè yo voye yon mesaj tèks ak non konte oswa awondisman yo nan 333111.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) Divizyon an rete an kontak ak omològ lokal li yo epi prepare pou fasilite nenpòt demann lokal pou asistans. Rezèv eta yo pare pou deplwaye resous entèvansyon ijans ak atik jan sa nesesè. Sant Operasyon Ijans Eta a pral aktive apati dimanch, epi Sant Siveyans Eta a, sant alèt ak avètisman 24 sou 24 la nan Nouyòk, ap siveye trajektwa tanpèt la ak enpak li yo nan tout eta a deprè. Yo te aktive tou Sant Operasyon Ponpye Eta a.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a ap siveye kondisyon meteyo yo epi li prepare pou entèvni avèk 3,737 sipèvizè ak operatè. Ekip rejyonal yo angaje yo kounye a nan efò entèvansyon kont nèj ak glas ak aktivite preparasyon yo. Tout lokal rezidansyèl yo pral kontinye gen anplwaye sou plas pou yo ka fonksyone 24/24, 7/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo.

Yo deplwaye tout ekipman ki disponib pou nèj ak vèglas. Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Pou sipòte aktivite kont nèj ak glas nan zòn enpòtan yo, yo ap deplwaye twa souflè nèj ki monte sou chajè nan rejyon Long Island lan.

Pou sipòte operasyon enpòtan pou nèj ak glas nan Hudson Valley ak sou Long Island, yo pral deplwaye 127 anplwaye ki soti nan lòt rejyon konsa a.

- Rejyon Kapital la: ap voye 4 operatè nan Hudson Valley ak 4 operatè nan Long Island
- Mohawk Valley: y ap voye 4 enstriktè operatè ekipman nan Hudson Valley ak 21 operatè ak 3 sipèvizè nan Long Island
- Nouyòk Santral: y ap voye 2 enstriktè operatè ekipman nan Hudson Valley ak 16 operatè ak 2 sipèvizè nan Long Island
- Finger Lakes: y ap voye 14 operatè, 1 sipèvizè ak 2 enstriktè operatè ekipman nan Hudson Valley.
- Lwès Nouyòk: y ap voye 12 operatè ak 2 sipèvizè nan Hudson Valley.

- Rejyon Lwès Southern Tier: y ap voye 10 operatè ak 1 sipèvizè nan Hudson Valley
- North Country – y ap voye 2 enstriktè operatè ekipman nan Hudson Valley ak 16 operatè ak 2 sipèvizè nan Long Island
- Rejyon Lès Southern Tier – y ap voye 8 operatè ak 1 sipèvizè nan Long Island

Antou, rejyon Hudson Valley la ap resevwa 40 operatè, 4 sipèvizè, ak 10 enstriktè operatè ekipman (54 anplwaye an total).

Antou, Long Island ap resevwa 65 operatè ak 8 sipèvizè (73 anplwaye an total).

Yo te deja voye 3 gwo souflez nèj nan Long Island nan yon premye deplwayman ki te fèt deja.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,642 kamyon chasnèj pwa lou (Hudson Valley: 259, Long Island: 254)
- 149 chasnèj pwa mwayen (Hudson Valley: 35, Long Island: 19)
- 56 remòk chasnèj (Hudson Valley: 3, Long Island: 1)
- 334 gwo chajè (Hudson Valley: 51, Long Island: 35)
- 33 kamyon souflez nèj (Hudson Valley: 1, Long Island: 1)

Yo pral re-evalye bezwen pou plis resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an. Pou jwenn enfòmasyon sou sikilasyon antan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 ouben vizite sitwèb www.511NY.org, sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta Nouyòk la.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway pare pou li entèvni avèk 691 sipèvizè ak operatè ki disponib. Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 345 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 11 remòk chasnèj
- 62 chajè
- 105,000+ tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal ([X](#) ak [Facebook](#)) yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Yo ap raple otomobilis yo ke veyikil chas nèj Thruway yo kouri a yon vitès 56 kilomèt (35 mil) pa èdtan — sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki afiche a — nan objektif pou kapab asire ke sèl yo ap dispèse a rete nan liy kote moun kondwi yo epi li pa gaye soti sou wout la. Kote ki pi pa gen danje pou chofè yo dèyè chasnèj yo kote wout la lib ak sale.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) epi swiv [@ThruwayTraffic](#) sou X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Depatman Sèvis Piblik Eta Nouyòk la rete angaje l aktivman avèk konpayi sèvis piblik elektrik yo pou asire ke y ap fè bon jan preparasyon pou sistèm tanpèt kotyè ivènal la. Priyorite Depatman an rete pou pwoteje yon sèvis elektrik fyab ak rezistan pou Nouyòk yo pandan tanpèt sa a, grasa sipèvizyon regilatwa sou preparasyon ak repons konpayi sèvis piblik yo a nenpòt blakawout ki ka rive.

Sèvis piblik Nouyòk yo genyen kounye a apeprè 5,600 travayè disponib nan tout eta a pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta Nouyòk. Ekip sèvis piblik yo pare pou reponn nan kondisyon difisil sa yo epi y ap aplike plan resous yo, tankou deplase resous yo pou sipòte zòn yo prevwa ki pral resevwa pi gwo enpak la. Pèsonèl Depatman an pral kontinye swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an.

Depatman an gen plis enfòmasyon disponib sou Preparasyon pou Ivè, tankou Sekirite pou Ivè ak pwoteksyon konsomatè aktyèl ki disponib nan: [Preparasyon pou Ivè | Depatman Sèvis Piblik la](#). Nou ankouraje piblik la pou kontakte Biwo Sèvis Konsomatè Depatman an pou plent oswa enkyetid konsènan sèvis piblik yo [Kontakte nou | Depatman Sèvis Piblik la](#).

Lapolis Eta Nouyòk

Lapolis Eta a ap siveye depre previzyon meteyo yo, epi l ap kowòdone ak patnè eta ak lokal nou yo pandan move tan ivè a ap kòmanse nan Nouyòk. Yo pral ajoute plis patwouy nan zòn ki afekte yo pandan tanpèt la ap vin pi fò, epi inite ak ekipman espesyalize yo pare pou reponn a nenpòt ijans ki gen rapò ak move tan.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Anplwaye Jesyon Ijans Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal (DEC), Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Gad Forè, yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye previzyon metewo yo. An kolaborasyon ak patnè ajans yo, DEC ap prepare pou kowòdone deplwaman tout resous ki disponib tankou premye entèvenan yo nan zòn ki sible nan preparasyon pou enpak ki posib akòz tanperati ekstrèm, gwo van, lapli ki konjele, nèj ak glas.

DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye epi jete pou swiv pi bon pratik jesyon pou ede anpeche inondasyon epi redui posibilite pou gen polyan tankou sèl, sab, gaz, fatra ak lòt debri pou yo pa afekte kalite dlo a. Eliminasyon nèj nan rivyè ak kouran dlo lokal yo ka kreye baraj glas ki ka lakòz inondasyon. Operatè pou retire nèj piblik ak prive yo ta dwe okouran de pwoblèm sekirite sa yo pandan ak apre tanpèt la. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan [Seri Direktiv Teknik ak Operasyonèl Divizyon Dlo: Dispozisyon nèj](#).

Sekirite pou randone

Yo konseye randonè yo pou evite tanporèman tout santye ki gen altitud wo yo ansanm ak santye ki travèse rivyè ak kouran dlo yo pandan gwo evènman tanpèt yo ak

evènman fredri ekstrèm yo. N ap ankouraje randonè yo tcheke paj wèb DEC yo pou mizajou sou kondisyon santye yo, fèmte wout sezonye yo, ak enfòmasyon lwazi jeneral. Move tan enprevizib ivè ak tanpèt nan Adirondacks, Catskills ak lòt zòn lwen kapab kreye kondisyon danjere ke yo pa t atann.

Vizite yo dwe prepare ak rad ak ekipman apwopriye pou nèt, glas ak fredri pou asire yon eksperyans ivènal an sekirite. Pwofondè nèt varye anpil nan tout Adirondacks yo, ak nèt ki pi pwofon nan wo elevasyon nan rejyon High Peaks ak lòt mòn ki depase 915 mè (3,000 pye) yo. Santye ki pi ba yo gen kondisyon miks nèt, glas ak labou, ki gen ladan anpil santye nan mòn Catskill kote ki gen risk pou kondisyon santye glase ak danjere.

Nan ka ijans, rele 9-1-1. Pou mande asistans Gad Forè, rele 1-833-NYS-RANGERS. Malgre ke gen kèk kouran dlo ki ka parèt jele, nenpòt moun ki antre sou mas dlo ta dwe [revize règleman sekirite sou glas](#) anvan yo soti.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta Nouyòk ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèkansyon nan ka tanpèt. Vizite pak yo ta dwe vizite parks.ny.gov, tcheke aplikasyon mobil gratis [NY State Parks Explorer](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmte yo.

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA)

MTA ap siveye kondisyon metewolojik yo depre pou asire sèvis san danje, ki fyab. Anplwaye MTA yo ap prè pou simaye sèl, netwaye platfòm ak eskalye kote ki gen vèglas yo, epi asire siyal, entèriptè, ak twazyèm ray yo ap fonksyone epi asiste nan tout defi ki lye ak kondisyon meteyo yo.

Yo ankouraje kliyan yo tcheke aplikasyon MTA, aplikasyon TrainTime oswa mta.info pou jwenn dènye enfòmasyon sou sèvis yo an tan reyèl anvan yo vwayaje. Kliyan yo ta dwe enskri tou pou resevwa alèt sèvis pa imèl oswa tèks.

Otorite Pòtyè a nan Nouyòk ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey ap siveye previzyon meteyo yo de prè epi travay ak operatè tèminal ayewopò yo ak lòt patnè ayewopò pou prepare yo. Vwayajè ayeryen yo ta dwe tcheke ak konpayi avyon yo pou dènye enfòmasyon sou vòl yo, oswa tcheke [sit entènèt Administrasyon Avyasyon Federal \(Federal Aviation Administration, FAA\)](#) pou tout pwogram FAA ki ka afekte operasyon vòl nan ayewopò kote y ap pati a, anvan yo ale nan ayewopò, epi pran plis tan pou vwayaj la. Yo ankouraje anpil otomobilis ki itilize sis pon ak tinèl Otorite Pòtyè a pou enskri pou [alèt imèl](#), pasaje otobis yo ka itilize [aplikasyon MyTerminal](#) pou resevwa alèt an tan reyèl sou sèvis otobis nan Tèminal Otobis Midtown, pasaje PATH, tcheke enfòmasyon sou sèvis tren atravè aplikasyon mobil, [RidePATH](#). Pou wè dènye nouvèl sou chanjman sèvis nan enstalasyon Otorite Pòtyè a, [klike isit la](#).

Konsèy sekirite sou kondwi pandan ivè

- Siveye previzyon an pou zòn lokal ou a ak zòn ou ka vwayaje ladan.
- Evite vwayaj ki pa nesèsè yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondwi byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.
- Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè (35 mph), sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a.
- Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, pou netwaye san danje plizyè vwa yon sèl kou.
- Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan.
- Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li. Pa janm eseye depase yon chasnèj pandan l ap fonksyone.

Konsèy sekirite sou entèripsyon kouran

- Pa pwoche bò kote fil kouran ki tonbe atè oswa k ap pandye, epi pa manyen yo: konsidere tout fil kouran tankou yo gen kouran sou yo epi yo danjere. Kenbe timoun ak bèt kay lwen fil elektrik ki tonbe yo. Pa janm touche okenn liy oswa okenn bagay ki an kontak ak liy yo.
- Tcheke konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.
- Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou ou ka evite yon sichaj kouran lè yo repara sèvis la: kite yon limyè limen pou endike lè yo te retabli kouran.
- Si chalè a ale pandan yon tanpèt, kenbe kay la cho lè w fèmen chanm ou pa bezwen yo.

Pou rapòte yon blakawout, rele:

Central Hudson: Elektrisite: 800-527-2714 oubyen Gaz: 800-942-8274

Con Ed: Elektrisite: 800-752-6633 oubyen Gaz: 800-752-6633

Corning Gas: 800-834-2134

Liberty Utilities (St. Lawrence Gas) Corp.: 800-673- 3301
Gaz Konbistib Nasyonal: 1-800-444-3130

National Grid:

- Elektrisite: 800-867-5222
- Long Island (gaz): 1-800-490-0045
- Metro NYC (gaz): 1-718-643-4050
- Rejyon Nò Eta a (gaz): 1-800-892-2345

NYSEG: Elektrisite: 800-572-1131 oubyen Gaz: 800-572-1121

O&R: Elektrisite: 877-434-4100 oubyen Gaz: 800-533-5325

PSEG-LI: 800-490-0075

RG&E: Elektrisite: 800-743-1701 oubyen Gaz: 800-743-1702

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)